



Pwogram Èd Pou Bay Manje Ann Ijans (TEFAP) Sètifika Kalifikasyon

Tanpri mete kantite chak pi wo a, sa vle di, si w gen de timoun lakay ou, mete "2" nan kare ki anba Timoun nan.

Non Benefisyè a:	
Adrès: *	
Kantite Moun Ki Nan Kay La Antou:	

OPSYON 1: Kategori Pou Kalifikasyon: Ou kalifye nan kategori pou w resevwa manje USDA atravè TEFAP si kay ou patisipe nan nenpòt nan pwogram ki annapre yo: **SNAP, WIC, TANF, Medicaid,** oswa **SSI.**

OPSYON 2: Kantite Lajan Moun Ki Nan Kay La Fè: Si moun ki nan kay la fè yon kantite lajan chak ane ki egal oswa mwens pase montan ki mansyone pou kantite moun ki lakay ou a, ou kalifye pou w resevwa manje USDA atravè TEFAP.

Kantite Moun Ki Nan Kay La:	1	2	3	4	5	6	7	8
Kantite Lajan Pou Ane a	\$33,885	\$45,990	\$58,095	\$70,200	\$82,305	\$94,410	\$106,515	\$118,620

Pou chak lòt moun nan fanmi an ki ajoute, mete \$12,105 sou li.

Lè w koche kare sa a, sa vle di ou dakò sa ki annapre a se laverite:

1. Non benefisyè, adrès (*nan nivo ki rezonab) ak kantite moun ki nan kay la ou mete pi wo a bon.
2. Benefisyè a abite nan Eta Nouyòk (pa gen yon kantite tan pi piti moun nan dwe abite la a).
3. Benefisyè a ranpli kondisyon ki mansyone nan Opsyon 1 oswa Opsyon 2 pou l kalifye pou TEFAP ki mansyone pi wo a.
4. Manje sa a se pou moun ki lakay benefisyè a sèlman, e li p ap vann, chanje l oswa toke l.
5. Benefisyè a konnen dwa l genyen antanke sitwayen ki dekri nan Deklarasyon USDA Kont Diskriminasyon ki pi ba a.

Siyati Benefisyè a (pa obligatwa)

Dat (obligatwa)

Deklarasyon USDA Kont Diskriminasyon

Pou tout lòt pwogram asistans nitrisyon FNS yo, ajans leta oswa lokal yo, ak sou-benefisyè yo, yo dwe afiche Deklarasyon kont diskriminasyon sa a:

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (866)-632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmè Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli nan USDA pa:

(1) **pa lapòs:**

U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; oswa

(2) **faks:**

(833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa

(3) **imèl:**

program.intake@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.